ku faatu fekk moo ngi wutal Yàlla ndend dana dugg sawara

Jële na ñu ci Abdullah Ibn Mashuud -yal na ko Yàlla dollee gërëm- me wax ne: Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- wax na jenn wax, ma wax Jeneen wax, yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa wax ne: " ku faatu fekk moo ngi wutal Yàlla ndend dana dugg sawara" man ma ne: ku faatu te wutalul Yàlla ndend dana dugg àjjana.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne ku jël lu Yàlla jagoo jëme ko ci ku dul moom, niki ñaan ku dul Yàlla mu kawe mi, ak xettaliku ci keneen, daal di faatu ca loola kooku ci waa sawara lay bokk. Ibn Mashuud -yal na ko Yàlla dollee gërëm- teg ca ne ku faatu te bokkaalewul Yàlla ak dara kooku mujjam mooy àjjana.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3419